

# Rezoud pwoblèm nan entèvansyon bonè

## Premye etap nan rezoud pwoblèm

Toudabò ou dwe abòde kesyon oswa enkyetid konsènan pwogram ak sèvis Entèvansyon Bonè (*ann anglè Early Intervention - EI*) lè w kontakte kowòdonatè sèvis ou a (pwogram EI pou tibebe/timoun piti) oswa reprezantan EI w la (pwogram EI preskolè). Nou ankouraje w pou rankontre avèk ekip nan pwotram EI w la kòm yon premye etap nan rezoud enkyetid ou genyen yo.

Gen anpil chans pou sa pèmèt yon rezolisyon ki pi rapid. Yo pral dokimante nenpòt chanjman ki soti nan reyinyon an nan Plan Sèvis Fanmi ki Pèsonalize (*ann anglè Individualized Family Service Plan - IFSP*) oswa Pwogram Edikasyon Pèsonalize (*ann anglè Individualized Education Program - IEP*). Si w mande yon reyinyon pou pale sou enkyetid ou yo, reyinyon an dwe fèt nan yon espas sèt jou apre demann ou an.

## E si paran yo toujou gen enkyetid?

Ou gen senk chwa ki disponib pou ou si enkyetid yo pèsiste. Ou ka itilize nenpòt nan chwa sa yo nenpòt ki lè.

### 1) Kontakte Biwo Sèvis Entèvansyon bonè

Ou ka kontakte Biwo Sèvis Entèvansyon Bonè (*ann anglè Bureau of Early Intervention Services - BEIS*) lè w rele nan 717-346-9320. BEIS ka ede rezoud pwoblèm nan anvan w depoze yon plent alekri ki pi fòmèl.

Yon konseye BEIS pral kontakte pwogram EI pitit ou a pou detèmine si kapab genyen yon rezolisyon tousuit. Si pa gen okenn rezolisyon ki disponib tousuit, ou ka depoze yon plent alekri.

### 2) Depoze yon plent alekri

Ou gendwa depoze yon plent alekri pou rezoud enkyetid si w kwè pwogram EI a pa t suiv etap ki awopriye nan pwosesis EI a.

BEIS pral mennen ankèt sou plent lan nan espas 60 jou.

Si yo idantifye yon enkyetid, yo pral devlope yon plan koreksyon nan espas 30 jou apre ankèt la.

### 3) Fasilitasyon IFSP/IEP

Ou ka mande pou fasilitasyon IFSP/IEP, yon pwosesis volontè yo ka itilize lè paran yo ak anplwaye EI dakò yon moun ki net ta ka ede reyalize avèk siksè yon reyinyon IFSP/IEP. Sa a se yon fason mwens fòmèl pou rezoud dezakò konpare ak pwosedi ki pi fòmèl tankou yon pwosè ekitab. **Ou ka**

**jwenn plis enfòmasyon nan men kowòdonatè sèvis ou a oswa reprezantan EI lekòl preskolè oswa lè w kontakte Biwo pou Rezolisyon Litij la nan 1-800-222-3353 oswa [www.odr-pa.org](http://www.odr-pa.org).**

### 4) Medyasyon

Ou ka sèvi ak medyasyon lè gen yon dezakò sou evalyasyon yon timoun oswa sèvis nan IFSP/IEP a, tankou chwa yon sèvis, konbyen fwa yo bay yon sèvis, oswa kote yo bay yon sèvis. Nan kad yon medyasyon, tout moun dakò travay ansanm ak yon medyatè, yon moun ki fòme pou ede rezoud enkyetid san yo pa pran pati. Medyatè yo pa pran "desizyon", men yo ede pati yo jwenn yon akò. Yo ofri medyasyon gratis, li enfòmèl, epi li rive byen vit.

**Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon lè w kontakte Biwo pou Rezolisyon Litij (*ann anglè Office for Dispute Resolution - ODR*) nan [www.odr-pa.org](http://www.odr-pa.org) oswa 1-800-222-3353.**

### 5) Odyans pou yon pwosè ekitab

Ou ka mande yon odyans pou yon pwosè ekitab, yon pwosesis ki pi fòmèl pou rezoud dezakò konsènan sèvis EI, tankou chwa pou yon sèvis, konbyen fwa yo bay yon sèvis, oswa kote yo bay yon sèvis. Sa yo se odyans fòmèl kote tout pati yo ka prezante temwen, sa gen ladan l kèk ekspè.

Gen kèk diferans nan pwosè ekitab pou fanmi ki gen tibebe ak timoun piti, ak moun ki gen timoun nan laj preskolè.

### Paran ki gen tibebe ak timoun piti ki poko gen twazan

Ou ka mande yon odyans epi ofisyè odyans lan ap fikse yon dat epi voye yon avi ba ou. Si gen yon pwoblèm ak dat la, yo ka repwograme odyans lan. Odyans lan dwe fèt, epi yo dwe pran yon desizyon, nan espas 30 jou.

### Paran ki gen timoun ki nan preskolè ki gen twa a senk ane

Si w mande yon odyans, ou menm ak reprezantan EI nan lekòl preskolè w la pral oblige rankontre anvan yon odyans fèt pou rezoud dezakò onivo lokal nan yon reyinyon rezolisyon. Tou de pati yo ka dakò pou yo renonse ak reyinyon rezolisyon an alekri oswa yo ka dakò pou yo eseye medyasyon. Si pwogram lekòl preskolè a pa fè yon reyinyon rezolisyon lokal nan espas 15 jou kalandriye, ou ka mande ofisyè odyans lan pou l avanse pou pi devan ak odyans pou yon pwosè ekitab. Odyans lan dwe fèt, epi yo dwe pran yon desizyon nan espas 45 jou. **Pou plis enfòmasyon sou odyans pou yon pwosè ekitab, ou ka kontakte reprezantan EI lekòl matènèl ou a oswa rele Biwo pou Rezolisyon Litij (ODR) nan 1-800-222-3353 oswa vizite [www.odr-pa.org](http://www.odr-pa.org).**

\*Yon reprezantan EI ta ka pwofesè EI, terapis, oswa kowòdonatè sèvis ou.

## Kisa ou ka fè si w pa satisfè ak sèvis Entèvansyon Bonè ptit ou a resevwa?



Diskite sou enkyetid ak dezakò avèk kowòdonatè sèvis ou oswa  
reprézentan Entèvansyon Bonè nan lekòl matènèl ou a.



Diskite sou enkyetid ak dezakò avèk sipèviziè pwogram Entèvansyon  
Bonè lokal la.



Kontakte Biwo PA pou Rezolisyon Litij nan 800-222-3353 pou jwenn asistans  
yon medyatè ki resevwa fòmasyon pou ede rezoud dezakò oswa pou mande  
yon odyans pou yon pwosè ekitab.

OSWA

Kontakte Biwo Sèvis Entèvansyon Bonè nan 717-346-9320 pou diskite  
sou pwoblèm epi/oswa depoze yon plent.

## Ou gen kesyon sou rezoud pwoblèm nan Entèvansyon Bonè?

Rele 717-346-9320 oswa voye yon imèl nan Biwo Sèvis Entèvansyon Bonè nan

[RA-ocdintervention@pa.gov](mailto:RA-ocdintervention@pa.gov)

